BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Hasil dina panalungtikan anu dilaksanakeun ka siswa tunagrahita kelas IV SLB Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017 bisa dicindekkeun dumasar hasil analisis data dihandap.

a) Kabeungharan kecap basa Sunda siswa tunagrahita kelas IV SLB Al-Faza Sumedang dina hasil pretest nuduhkeun yén siswa can mamapu ngahontal krireria peunteun anu geus ditangtukeun bisa ditinggali dina hasilna tina 6 siswa , 2 siswa (40%) anu mampu atawa tuntas ngahontal peunteun anu geus ditangtukeun.
b) Dina ngagunakeun téhnik nyarita semi terpimpin kana hasil diajar kabeungharan kecap ngaronjat pisan, hal ieu bisa katitén dina aspék anu di peunteun, aspék peunteun jeung aspék pérséntasi peunteunna. Dina hasil pretest siswa nu tuntas bisa ngahontal peunteun anu geus ditangtukeun aya 2 siswa (40%), sesana 4 siswa (60%) acan tuntas atawa teu bisa ngahontal peunteun anu geus ditangtukeun. Sedeungkeun dina hasil posttest nu tuntas bisa ngahontal peunteun anu geus ditangtukeun aya 4 siswa (67%) , sesana 2 siswa (33%) acan tuntas atawa teu bisa ngahontal peunteun anu geus ditangtukeun. Kukituna ngaronjat pisan hasil diajara siswa ngagunakeun téhnik nyarita semi terpimpin.

5.2 Implikasi

Téhnik nyarita semi terpimpin dilarapkeun pikeun ningkatkeun kabuengharan kecap siswa tunagrahita. Dilarapkeunna ieu téhnik nyarita meunang réspon anu positif, boh ti siswa, boh ti guru. Sabab dina prak-prakkan nyiptekeun siswa anu aktip jeung miboga peran anu penting. Téhnik nyarita semi terpimpin ieu nunjulkeun interaksi guru jeung siswa, ku kituna, dina ieu téhnik nyarita semi terpimpin bisa ningkatkeun kamapuh kabeungharan kecap siswa.

5.3 Rékoméndasi

Saenggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan téhnik nyarita semi terpimpin dina ningkatkeun kabeungharan kecap (studi kuasi ékspérimen ka siswa tunagrahita kelas IV SLB

Widya Sholehah, 2017
PANGARUH TÉHNIK NYARITA SÉMI TERPIMPIN KANA HASIL PANGAJARAN KABEUNGHARAN KECAP BASA SUNDA SISWA TUNAGRAHITA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017), aya sababaraha rékomendasi amu baris diteupikeun diantarana:

a) Téhnik nyarita semi terpimpin bisa dijadikeun salahsahiji alternative tehnik pangajaran dina nepikeun materi husus na pangajaran basa Sunda, kusabab geus kabuktian tina panalungtikan hasil diajar siswa tunagrahita kelas IV SLB Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017.
b) Ku sabab téhnik nyarita semi terpimpin geus diterapkeun dina panalungtikna kuasi ékspérimen, perlu dilaksanekun dina panalungtikan anu séjén, ieu hal pikeun ngahasilkeun kaefektifan téhnik pangajaran.
c) Pikeun panalungtik kudu leuwih asak deui dian naglarapkeun téhnik nyarita semi terpimpin.